

# ENFÒMASYON KONSÈNAN FÒM KONSANTMAN PÒTABILITE AK RESPONSABLITE NAN ASIRANS (INSURANCE PORTABILITY AND ACCOUNTABILITY, HIPAA)

Kesyon-Repons sa a ede  
eksplike fòm konsantman HIPAA ak  
poukisa nou mande pou ou ranpli li.

## Poukisa mwen ta dwe ranpli fòm konsantman HIPAA a?

Kèk demann akomodasyon rezonab (Reasonable Accommodation Request, RAR) ki bezwen yon revizyon pou deside si li pral apwouve. Biwo pou aranjman rezonab yo (Office of Reasonable Accommodations, ORA) egzaminen enfòmasyon ki enpòtan nan men pwofesyonèl swen sante ou a pou fè detèminasyon sa a. Lè ou siyen konsantman HIPAA a, sa pèmèt ORA kontakte pwofesyonèl swen sante ou a lè li bezwen plis enfòmasyon pou deside sou demann ou an. Lè ou siyen li, li ekonomize tan nan pwosesis revizyon an.

## Ki enfòmasyon yo pral kolekte avèk fòm sa a?

ORA ap mande sèlman enfòmasyon ki gen rapò ak aranjman rezonab ou te mande a. Manm pèsònèl la p ap itilize fòm lan pou kontakte pwofesyonèl swen sante ou pou jwenn okenn enfòmasyon ki pa gen rapò ak demann ou an.

## Kijan pou mwen ranpli fòm sa a?

- Ou dwe ranpli, siyen, epi mete dat la sou konsantman HIPAA a pou li valab.
- Konsantman HIPAA a valab pou yon (1) ane apati dat ou siyen li a.
- Si ou pa kapab siyen konsantman an, yon reprezantan otorize ka siyen li pou ou. Si yon reprezantan otorize ap siyen pou ou, ou dwe ban nou yon dokiman ki pwouve otorite yo, tankou yon Pwokirasyon oswa yon Komisyon Gadyen Responsab Legal.

(Vire paj la)

## FÒM KONSANTMAN TRANSFERABILITE AK RESPONSABLITE ASIRANS (INSURANCE PORTABILITY AND ACCOUNTABILITY, HIPAA) (*kontinye*)

### **E si mwen pa vle pou ORA itilize fòm sa a pou l kontakte pwofesyonèl swen sante mwen an?**

Ou ka di nou pou nou sispann itilize fòm nan nenpòt ki lè, men ou dwe di abri a oswa direktè sant lan sa alekri.

**Remak:** Ou pa bezwen siyen konsantman sa a si ou pa vle èd nou pou jwenn enfòmasyon nan men pwofesyonèl swen sante ou. Pito, ou ka jwenn enfòmasyon ki enpòtan yo dirèkteman nan men pwofesyonèl swen sante ou yo pou remèt ak demann pou akomodasyon ou a.

### **E si mwen pa gen okenn dokiman?**

Si ou pa gen okenn dokiman pou soumèt ak RAR a (yo), epi ou pa ranpli ak siyen fòm HIPAA a, yo ka refize demann ou paske nou pa te gen okenn dokiman sipò oswa enfòmasyon pou revize.

### **E si mwen gen plis kesyon sou fòm sa a?**

Manm pèsònèl DHS la ak manm pèsònèl abri a pral reponn nenpòt kesyon ou genyen sou fòm lan epi yo ka ede w ranpli li an fas-a-fas.